

BAB 1

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Basa mangrupa pakakas utama dina kahirupan manusa pikeun ngedalkeun pikiran jeung rasa. Aya opat aspék kaparigelan basa anu perlu dicangkem, nu ngawengku: (1) ngaregepkeun, (2) nyarita, (3) maca, jeung (4) nulis. Dumasar kana jenis kagiatana, ieu kaparigelan téh dibagi jadi dua nya éta kaparigelan réseptif jeung kaparigelan produktif. Kaparigelan réseptif ngawengku ngaregepkeun jeung maca, sedengkeun kaparigelan anu produktif ngawengku nulis jeung maca.

Dumasar pedaran di luhur, kaparigelan nulis kaasup kana kaparigelan produktif. Nulis téh hiji kagiatan anu bisa ngahudang mikir kritis, ku sabab dina nulis aya sababaraha aspék nu kudu diperhatikeun, di antarana grafologi, struktur basa jeung kosa kecap. Ku kituna, nulis téh lain hiji kagiatan anu babari, tapi mangrupa kagiatan anu mikabutuh kaparigelan jeung prosés mikir anu jero. Pasualan ngeunaan héséna nulis luyu jeung data dina (tabularasafa.blogspot.co.id) nu ngajéntrékeun yén Indonésia miboga minat nulis kurang hadé. Indonésia anu jumlah masarakatna 250 jiwa leuwih ngan mampu medalkeun 8000 buku tangtu kawilang saeutik dibandingkeun jeung Vietnam nu mampu medalkeun buku 15.000 tina jumlah masarakatna 80 juta.

Pasualan ngeunaan kurangna minat nulis masarakat Indonésia bisa katitén tina kurangna minat nulis siswa di sakola, padahal ngaliwatan kagiatan nulis, guru bisa ningali kamampuh sarta poténsi anu aya di diri siswa. Salasahiji cara pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis bisa katitén tina kamampuh siswa dina nulis warta.

Dina Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar (SKKD) pangajaran Bahasa jeung Sastra Sunda kelas IX aya kaparigelan nulis, nya éta nulis warta kalayan Standar Kompetensi : *Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara tertulis dalam bentuk surat, teks pidato, hasil wawancara, berita, dan karangan ilmiah* kalayan Kompetensi dasar: *menulis berita*.

Tina standar kompetensi di luhur, geus écés pisan yén nulis warta miboga tujuan sangkan siswa mampu ngébréhkeun pikiran, rasa, jeung kahayang. Warta téh kawilang penting lantaran ngaliwatan ayana warta boh dina wangun tulisan atawa lisan, masarakat bisa apal kana kaayaan nu keur karandapan kiwari. Diajar nulis warta téh salah sahiji kaparigelan pikeun ningkatkeun kamampuh jeung pangaweruh siswa dina pangajaran Basa Sunda. Ku cara ningkatkeun kaparigelan jeung pangaweruh siswa dina nulis hususna nulis warta dipiharep bisa ngahasilkeun tulisan anu bisa dibaca ku balaréa, sangkan basa Sunda bisa motékar deui. Nulis warta lain pancén jurnalistik hungkul tapi salaku generasi muda hususna pelajar kudu kritis dina nyanghareupan kajadian nu karandapan ku bangsa, tangtuna ku ayana nulis warta bisa ngébréhkeun pamadegan, sawangan tur méré informasi ka balaréa nu tangtuna kudu dumasar *fakta*.

Pasualan pangajaran nulis warta nu karandapan ku siswa salasihijina dibalukarkeun lantaran siswa miboga anggapan hésé dina nulis warta, sabab dina nulis warta aya tatacara atawa aturan nu jadi dadasar nulis warta, salasihijina nya éta eusi warta kudu ngajawab patalékan 5W+1H, salian éta ogé siswa kudu bisa néangan ide tur kudu miboga kandaga kecap nu jembar sarta maké ejaan jeung kekecapan nu merenah katitén tina hasil pancén nulis, loba kénéh siswa nu can bisa ngalarapkeun kalimah nu méréh tur hésé nyieun warta nu hadé nu saluyu jeung tatacara panulisan warta.

Pikeun ngungkulan masalah nu kaalaman siswa dina pangajaran nulis warta, tangtu teu leupas tina peran guru dina kagiatan pangajaran. Guru kudu parigel dina prakna nepi ka bahan pangajaran bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis warta siswa. Dina kagiatan pangajaran aya hiji sistem nu mangrupa beungkeutan anu silih deudeul tur silih rojong kana prosés pangajaran nya éta tujuan, bahan, média, statégi jeung modél pangajaran. Upama bahan pangajaran hayang ditepikeun ka siswa tangtu kudu miboga tujuan nu jelas, lian ti éta kudu ditepikeun ngaliwatan modél nu ngirut sangkan matéri atawa bahan ajar bisa katepikeun ka siswa kalayan gampang tur bisa dicangking ku siswa.

Salasihiji modél pangajaran nu bisa dipaké ku guru dina pangajaran nulis warta nya éta modél pangajaran *Mind Mapping*. Modél *Mind Mapping* dipilih pikeun ngaronjatkeun nulis warta sabab miboga kaunggulan nya éta ieu téknik

bisa mantuan siswa dina ngagunakeun sakabéh poténsi uteuk sangkan optimum, kucara ngagabungkeun gawé uteuk kénca jeung katuhu. Ieu hal luyu jeung pamadegan Buzan (2013, kc. 6) anu nétélakeun yén ngaliwatan modél *Mind Mapping* bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa pikeun ngajembarkeun kekecapan ngaliwatan kecap konci kucara ngagabungkeun gambar, simbol jeung warna. Ku kituna, nulis kréatif *Mind Mapping* bisa ngaronjatkeun motivasi siswa dina nulis warta.

Mind Mapping mangrupa modél pangajaran anu konsépna mangrupa gambar anu ngarancabang saperti peta. Ku ayana ieu modél, dipihareup siswa bisa ngaluarkeun idue-ideu anu aya patalina jeung téma.

Panalungtikan ngeunaan modél *Mind Mapping* ieu lain anu munggaran dilaksanakeun. Saméméhna ogé aya panalungtikan anu sarua ngeunaan modél *Mind Mapping*. Panalungtikan ngeunaan modél *Mind Mapping* nu kacatet di Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah nya éta *Modél Mind Mapping dina Pangajaran Nulis Sajak Siswa Kelas VII SMP Pasundan 4 Bandung ku Ria Dwi Fartika*, *Mind Mapping dina Pangajaran Nulis Deskripsi Siswa kelas VII G SMPN 15 Bandung ku Nur Fitri Mardhotillah*, sedengkeun “*Modél Mind Mapping dina Pangajaran Nulis Warta*” nepi ka danget ieu can aya anu nalungtik. Bédana ieu panalungtikan jeung panalungtikan saacana nya éta ieu panalungtikan leuwih kana pangajaran nulis warta sedengkeun panalungtikan saacana nalungtik ngeunaan model pangajaran *Mind Mapping* dina pangajaran nulis sajak jeung nulis deskripsi. Dumasar hasil panalungtikan saméméhna ngeunaan Modél *Mind Mapping*, hasilna nyugemakeun yén modél *Mind Mapping* bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran di sakola.

Luyu jeung pamadegan sarta pasualan-pasualan nu geus dijéntrékeun diluhur, ieu panalungtikan dijudulan “*Modél Mind Mapping pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Warta (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI-B SMPN 45 Bandung Taun Ajaran 2015/2016)*”.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah diluhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun.

- a. Kumaha kamampuh nulis warta siswa kelas IX-B SMPN 45 Bandung taun ajaran 2015/2016 saméméh ngagunakeun modél *Mind Mapping*?
- b. Kumaha kamampuh nulis wartasiswa kelas IX-B SMPN 45 Bandung taun ajaran 2015/2016 sanggeus ngagunakeun modél *Mind Mapping*?
- c. Naha aya beda nu signifikan kamampuh nulis nulis warta siswa kelas IX-B SMPN 45 Bandung taun ajaran 2015/2016 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Mind Mapping*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum nu hayang dihontal dina ieu panalungtikan nya éta pikeun nguji naha modél *Mind Mapping* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis warta siswa kelas IX-B SMPN 45 Bandung taun ajaran 2015/2016 atawa henteu.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- a.
- b. kamampuh nulis warta siswa kelas IX-B SMPN 45 Bandung taun ajaran 2015/2016 saméméh ngagunakeun modél *Mind Mapping*.
- c. kamampuh nulis nulis wartasiswa kelas IX-B SMPN 45 Bandung taun ajaran 2015/2016 sanggeus ngagunakeun modél *Mind Mapping*.
- d. beda nu signifikan dina kamampuh nulis nulis warta siswa kelas IX-B SMPN 45 Bandung taun ajaran 2015/2016 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Mind Mapping*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Sacara teoritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré pangaweruh ngeunaan model pangajaran nu hadé dina pangajaran warta. Salian ti éta, ieu panalungtikan miboga mangpaat nu bisa dijadikeun hiji bahan pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis warta.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun:

- a. bisa dijadikeun alternatif modél pangajaran di kelas sangkan bisa ngaronjatkeun minat siswa kana pangajaran basa Sunda hususna dina pangajaran nulis warta.
- b. pikeun ngirut siswa sangkan kamotivasi pikeun teus diajar sangkan nyangking loba élmu pangaweruh siswa hususna dina nulis warta.
- c. bisa mekarkeun wawasan jeung pangalaman panalungtikan dina ngaaplikasikeun tiori nu dipake.

1.5 Raraga Tulisan

BAB I bubuka, nu ngawengku judul panalungtikan, kasang tukannag masalah, rumusan masalah, tujuan umum panalungtikan, tujuan husus panalungtikan, métode panalungtikan, mangpaat tioritis panalungtikan, jeung sistematika nyusun skripsi.

BAB II kajian téori, raraga mikir jeung hipotésis, nu ngawengku tiori nulis, nulis warta, jeung model pangajaran *Mind Mapping*.

BAB III métodeu panalungtikan, nu ngawengku métode panalungtikan, desain panalungtikan, populasi jeung sampel panalungtikan, lokasi, wangenan operasional, instrumen panalungtikan, prosedur panalungtikan jeung tehnik ngumpulkeun data panalungtikan sarta téhnik ngolah jeung nganalisis data.

BAB IV hasil jeung pedaran, nu ngawengku data jeung pembahasan, hasil panalungtikan, medar ngeunaan desripsi, prak-prakan jeung hasil data panalungtikan ngeunaan Model *Mind Mapping* dina nulis warta siswa kelas IX-B SMPN 45 Bandung taun ajaran 2015/2016.

BAB V kacindekan jeung saran nu ngawengku kacindekan jeung saran.